

Pwosedì pou Plent sou Diskriminasyon

Pwosedì	
Objektif:	Objektif pwosedì sa yo se etabli yon pwosesis pou revizyon ak rezolisyon plent sou diskriminasyon yo.
Règleman ki Gen Rapò:	01.01.150 VDH Règleman Non-Diskriminasyon
Fòmilè ak Resous ki Gen Rapò:	Fòmilè Plent sou Diskriminasyon
Dimansyon Travay:	<p>Pwosedì sa yo aplike pou plent oswa doleyans pou swadizan diskriminasyon oswa vanjans manm piblik yo soumèt epi revizyon ak rezolisyon plent ak doleyans sa yo pa anplwaye apwopriye VDH.</p> <p>Pwosedì sa yo pa aplike pou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Evènman Sekirite Règleman Evènman Sekirite 04.02.101 an kontwòl • Plent oswa doleyans konsènan diskriminasyon nan pratik travay ki kontwòl pa Biwo Resouzimèn (Office of Human Resources, OHR) #2.05 Règleman Opòtinite Travay Egal • Konduit ki kontwòl selon OHR #2.35 Règleman Sivilitè nan Espas Travay la
Responsablite:	<p>Responsablite Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an se fason ki annapre a:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Revize tout plent san patipri, alè, an nan respè pwosedì sa yo ak nenpòt lwa oswa règleman ki aplikab. • Kowòdone ak resouzimèn apwopriye oswa lòt anplwaye ajans yo pou rezoud plent ki konsistan oswa diskriminasyon ki fonde. • Kowòdone pou bay anplwaye ajans yo nenpòt fòmasyon ki nesè sou diskriminasyon, vanjans, oswa lòt sijè ki apwopriye.
Pwosedì:	<p>I. Depoze yon Plent pou Diskriminasyon</p> <p>A. Jeneral. Yo ka depoze plent nan VDH atravè mwayen sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Lapòs: Pou Atansyon: Kowòdonatè Non-Diskriminasyon, VDH, 109 Governor St., Richmond, VA 23219 • Imel: Civil_Rights@VDH.Virginia.gov • Sou entènèt: https://redcap.link/VDHComplaint • Telefòn: (804) 914-2770 (TTY: 1-800-828-1120) • Faks: (804) 864-7002 <p>Plent lan dwe endike pwoblèm oswa aksyon ki swadizan diskriminatwa a ak solisyon oswa soulajman y ap chèche a. Plenyan yo ka resevwa asistans nan men VDH pou yo depoze yon plent pou swadizan diskriminasyon ke Plenyan te ka sibi diskriminasyon sou baz andikap, laj, ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal (ki gen ladan kapasite pou pale Anglè), oswa nenpòt lòt estati pwoteje.</p>

Pwosedè pou Plent sou Diskriminasyon

	<p>Plenyan yo ka pote plent nan non yon lòt moun si yo gen otorizasyon legal pou fè sa (paran, responsab legal, avoka, pwokirasyon, elatriye) epi yo dwe gen ladan yo dokiman ki apwopriye sou otorizasyon yo pou reprezante Pati ki Afekte a. Si yo pa mete dokiman an, VDH ap voye mande dokiman an, epi egziye pou yo voye l nan lespas 14 jou kalandriye. Peryòd tan VDH dwe pran yon desizyon ap kòmanse lè Plenyan an fin bay ase dokiman.</p> <p>VDH ap bay, gratis, tradiksyon oswa lòt sèvis kominikasyon pou nenpòt Plenyan ki bezwen èd kominikasyon pou depoze yon plent sou diskriminasyon akòz yon andikap oswa konpetans limite nan Anglè.</p> <p>B. Depoze Alè. Yo dwe depoze yon Plent nan VDH nan 90 jou kalandriye apati dat swadizan diskriminasyon an. Yo konsidere Plent lan “depoze” lè VDH resevwa l, kit li soumèt pa lapòs oswa mwayen elektwonik. Si yon Plenyan montre bon rezon, VDH ka pwolonje delè pou depoze yon Plent.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Si yo depoze yon Plent nan plis pase 90 jou kalandriye apati dat swadizan diskriminasyon an, Plenyan an dwe mete yon eksplikasyon pou yon rezon valab. Si Plent lan pa genyen yon eksplikasyon pou yon rezon valab, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ap mande, alekri, pou Plenyan an soumèt jistifikasyon pou yon rezon valab ki fè l pa depoze nan alè. Plenyan an dwe soumèt jistifikasyon pou rezon valab la nan lespas 14 jou apre demann VDH la. Si Plenyan an pa soumèt jistifikasyon an nan lespas 14 jou apre demann lan, Plent la ap fèmen akòz li pa depoze alè. 2. Si yon plenyan bay yon eksplikasyon sou yon rezon valab men kowòdonatè non-diskriminasyon an jwenn li pa satisfè estanda pou yon rezon valab, kowòdonatè non-diskriminasyon an ap fè Plenyan an konnen plent la fèmen epi rezon ki lakoz fèmti a. 3. Rezon valab ka genyen: <ol style="list-style-type: none"> a. Plenyan an oswa Pati ki Afekte a te malad grav, sa ki te anpeche yon depo alè; b. Te gen yon lanmò oswa yon maladi grav nan fanmi imedya Plenyan an oswa Pati ki Afekte a; c. Yon aksidan te lakoz dosye enpòtan yo dwe detwi; d. Li te difisil pou jwenn dokiman nan limit tan an; e. Yo te fè tantativ pou rezoud konfli a anvan depoze yon Plent; f. Pati ki Afekte a oswa Pleynan an pa t gen kapasite pou l konprann delè pou depoze yon Plent; g. Plenyan an voye plent lan bay yon lòt ajans gouvènman an avèk bon volonte nan limit tan an; oswa h. Sikonstans etranj oswa inevitab te anpeche yon depo alè. <p>C. Anrejistreman ak Konsèvasyon Dosye. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ap anrejistre tout enfòmasyon ki gen rapò ak Plent lan nan Rejis Plent Diskriminasyon VDH la epi l ap bay yon Nimewo Referans Plent. Dosye plent yo dwe konsève pandan twa (3) ane apre dènye aksyon ki gen rapò ak Plent lan.</p>
--	--

Pwosedè pou Plent sou Diskriminasyon

	<p>II. Revizyon ak Desizyon</p> <p>A. Premye Revizyon. Premye revizyon yon Plent ap detèmine si yo ta dwe kontinye ankete sou Plent lan, si yo ta dwe fèmen l, oswa refere l yon lòt kote.</p> <p>1. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral fè yon premye revizyon plent epi l ap evalue pwen sa yo pou detèmine si Plent lan valab ak si li bezwen plis envestigasyon:</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Èske Plent lan te depoze alè oswa èske gen yon rezon valab pou depoze anreta a? b. Èske se Pati ki Afekte a te depoze Plent lan oswa yon moun ki gen otorizasyon apwopriye pou pouswiv Plent lan nan non Pati ki Afekte a? c. Èske pwoblèm Plenyan an nan kad legal, kontra ak/oswa otorite VDH pou revize? d. Èske se yon reklamasyon dwa sivil? <p>2. Yon Plent p ap valab si:</p> <ol style="list-style-type: none"> a. VDH pa gen otorite legal pou mennen ankèt sou Plent lan; b. Plent lan pa rive endike yon vyolasyon lwa oswa règleman dwa sivil; c. Plent lan pa t depoze alè epi pa t gen yon rezon valab pou aksepte doleyans lan; d. Plenyan an pa t soumèt otorizasyon apwopriye pou reprezante Pati ki Afekte a; e. Plent lan baze sou sipozisyon, sou jijman, oswa enkoyeran, oswa li manke ase detay pou pale de diskriminasyon epi Plenyan an pa bay enfòmasyon Kowòdonatè Non-Diskriminasyon VDH la mande nan 14 jou kalandriye apre demann lan, sof si Plenyan an mande plis tan pou bay enfòmasyon yo mande yo. Peryòd tan Plenyan an te pran pou l soumèt repons lan p ap konte nan kantite total jou VDH genyen pou l pran yon desizyon sou Plent lan; f. Yon lòt ajans dwa sivil federal, leta oswa lokal te envestige Plent lan oswa atravè lòt pwosedè doleyans entèn yo, epi te gen yon pwosesis rezolisyon ki konparab dapre estanda legal ki akseptab pou VDH oswa, si l toujou annatant, VDH prevwa ke pral genyen yon pwosesis rezolisyon konparab dapre estanda legal ki akseptab pou VDH. VDH pral enfòme Plenyan sou dwa li genyen pou l redepoze plent lan atravè VDH nan lespas 60 jou apre aksyon lòt antite a fini si pa gen okenn desizyon ki pran sou fondman dosye a; oswa g. Plenyan te depoze menm akizasyon yo oswa akizasyon ki sanble ki baze sou menm enfòmasyon enpòtan yo kont menm moun, nan tribinal eta oswa Federal. VDH pral avize Plenyan an sou dwa l genyen pou l redepoze nan yon espas 60 jou apre fen pwosedè tribinal la si pa te gen okenn desizyon sou fondman dosye a oswa yon regleman plent tribinal la. <p>3. Nan senk jou ouvrap apre yo te depoze Plent lan, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon VDH la pral fè Plenyan an konnen alekri si (i) prèv</p>
--	---

Pwosedè pou Plent sou Diskriminasyon

	<p>otorizasyon nesèsè, si li depoze yon plent nan non yon lòt moun; (ii) rezon valab nesèsè akòz li pa depoze alè; (iii) gen bezwen plis enfòmasyon pou trete Plent lan; (iv) Plent lan pa valab ak rezon ki fè sa; oswa (v) yo pral mennen ankèt sou Plent lan.</p> <p>B. Ankèt. Y ap mennen ankèt sou tout plent ki valab ak ki alè. Ankèt sa a ka enfòmèl, men l ap apwofondi, l ap bay tout pati ki enterese yo yon opòtinite pou yo soumèt prèv ki gen rapò ak Plent lan. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral bay pati ki swadizan te patisipe nan diskriminasyon an yon kopi Plent lan ak nenpòt lòt dokiman Plenyan an te soumèt. Pati a gen dwa soumèt yon repons alekri bay Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an nan lespas 14 jou kalandriye apre li resevwa materyèl Plent lan, sof si yo bay yon pwolonjman. Apre li resevwa repons lan, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ka kontakte lòt moun pou rasanble enfòmasyon ki nesèsè pou konplete yon ankèt apwofondi.</p> <p>C. Desizyon Alekri. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ap prepare yon desizyon alekri sou tout Plent yo envestige.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Nan lespas 90 jou kalandriye apre yo te depoze Plent lan nan VDH, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral bay Plenyan an ak pati ki te swadizan te patisipe nan diskriminasyon an yon desizyon alekri. Peryòd 90 jou a pral pwolonje si VDH te mande yon rezon valab oswa enfòmasyon anplis (pa egzanp, si VDH te mande yon rezon valab epi Plenyan an te reponn 7 jou apre demann lan te fèt, dat limit pou pran desizyon an ap 97 jou apati lè yo te resevwa Plent lan). Anplis de sa, nan dosye konplèks yo, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ka pwolonje peryòd tan an pou pran yon desizyon jiska 30 jou kalandriye anplis si Plenyan an dakò alekri anvan ekspirasyon premye peryòd 90 jou a. 2. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral sèvi ak preponderans estanda prèv la lè l ap detèmine si swadizan diskriminasyon an te fèt. Gen yon preponderans prèv si gen plis chans diskriminasyon te fèt olye l pa t fèt. 3. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral eksplike konplètman jistifikasyon desizyon an epi l ap gen ladan: <ol style="list-style-type: none"> a. Jiridiksyon VDH pou pran yon desizyon sou Plent lan; b. Yon idantifikasyon tout pati ki konsène nan Plent lan; c. Yon rezime swadizan aksyon diskriminatwa yo; d. Yon rezime repons ki te resevwa nan men pati ki swadizan te patisipe nan diskriminasyon; e. Yon rezime nenpòt lòt enfòmasyon ki te rasanble pandan ankèt la; f. Si genyen ase enfòmasyon pou konkli, pa yon preponderans prèv, ke diskriminasyon te fèt; epi g. Si yo jwenn diskriminasyon te fèt, plan aksyon korektif VDH pral swiv pou rezoud diskriminasyon an.
--	--

Pwosedè pou Plent sou Diskriminasyon

	<p>Desizyon an pral enfòmè Plenyan an tou ke si li pa satisfè ak desizyon VDH la, lè sa a, Plenyan an gen dwa pou l chèche lòt solisyon administratif oswa legal. Desizyon an ap gen ladann enfòmasyon pou kontakte Biwo Federal Dwa Sivil la.</p> <p>Jan sa nesèsè oswa sa egzije, yo pral enfòmè Moun ki Afekte a sou Plent lan epi y ap ba l yon kopi desizyon final VDH la.</p> <p>D. Litij Antisipe. Si Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an vin konnen, nan nenpòt moman pandan oswa apre ankèt sou yon Plent, ke yon Plenyan gen entansyon oswa gen chans pou chèche yon rekou legal kont VDH oswa Commonwealth akoz swadizan diskriminasyon an, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ta dwe enfòmè Direktè Divizyon Sèvis Jeneral nan Biwo Sèvis Jeneral VDH la. Si yo fè yon reklamasyon legal kont VDH oswa Commonwealth la, Direktè Divizyon Sèvis Jeneral la ta dwe enfòmè Divizyon Jesyon Risk nan Trezò Virginia, jan sa nesèsè.</p> <p>III. Rezolisyon ak Aksyon Korektif</p> <p>A. Plan Aksyon Koreksyon: Si yon ankèt sou Plent jwenn diskriminasyon te fèt, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ap travay avèk inite travay VDH ki apwopriye a pou devlope yon plan aksyon koreksyon.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Si yon anplwaye, yon volontè, oswa yon estajyè VDH patisipe nan diskriminasyon, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral refere konklizyon ankèt la ak plan aksyon koreksyon an bay direktè divizyon anplwaye a ak Biwo Resouzimèn VDH la. 2. Si Plent lan enlike yon vandè, kontraktè, oswa yon soutretan VDH, Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral refere konklizyon ankèt la ak plan aksyon koreksyon an bay Biwo Akizisyon ak Sèvis Jeneral VDH, ansanm ak manadjè kontra VDH ki konsène a. 3. Si Plent lan enlike yon vyolasyon konfidansyalite, tankou yon vyolasyon Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA), Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an pral konsilte Ofisye Konfidansyalite VDH la tou pou devlope plan aksyon koreksyon an. <p>B. Apwobasyon Fòmasyon. Plan aksyon koreksyon an ta dwe gen ladan fòmasyon sou non-diskriminasyon sou sijè diskriminasyon ki enpòtan ki, anvan yo itilize, te revize ak apwouve pa Kowòdonatè Non-diskriminasyon an.</p> <p>C. Kalandriye Aplikasyon. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an dwe deziyen peryòd tan pou aplikasyon plan aksyon koreksyon an ak fòmasyon sou nondiskriminasyon.</p> <p>D. Rezolisyon Plent. VDH, nan sèl diskresyon l, dwe detèmine ki lè yo jwenn yon rezolisyon satisfèzan pou Plent. Si Plenyan an pa satisfè ak rezolisyon an, sa pa anpeche Plenyan an pouswiv nenpòt ankèt, kontestasyon adisyonèl, oswa lòt solisyon ke yo gen dwa legalman.</p>
<p>Kontwòl Kalite ak Asirans Kalite</p>	<p>Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an ka delege sipèvizyon ankèt la nan dirijan Biwo oswa Distri ki apwopriye a, men li dwe revize desizyon an ak nenpòt plan</p>

Pwosedè pou Plent sou Diskriminasyon

	<p>aksyon koreksyon anvan yo voye l bay Plenyan an pou asire ke Plent lan te envestige kòm sadwa.</p> <p>Si yon Plenyan konteste alekri bay VDH fèmti yon Plent akoz refi yon rezon valab pou depoze apre limit 90 jou a, Komisyonè Sante Eta a dwe, nan lespas 14 jou kalandriye, detèmine si yo ta dwe aksepte rezon valab la oswa si Plent lan ap rete fèmen.</p> <p>Si yon Plenyan pa satisfè ak desizyon, rezolisyon, oswa plan aksyon koreksyon Kowòdonatè Non-diskriminasyon an kominike a, Plenyan an ka, alekri ak nan lespas 7 jou kalandriye apre li resevwa desizyon an, mande amannman nan desizyon an oswa nan plan aksyon koreksyon an. Kowòdonatè Non-Diskriminasyon an dwe, nan lespas 7 jou kalandriye apre li resevwa demann amannman an, voye bay Plenyan an (i) desizyon amande a oswa (ii) notifikasyon ke premye desizyon an kenbe ak jistifikasyon pou rejte amannman yo mande yo. Nenpòt amannman nan premye desizyon an oswa plan aksyon koreksyon an dwe apwouve pa Komisyonè Sante Eta a anvan yo voye l bay Plenyan an. Yon desizyon amande dwe reprezante aksyon final VDH pran sou yon Plent.</p> <p>Si yon Plenyan vle depoze yon doleyans pou swadizan vanjans akoz depo yon Plent, doleyans lan dwe depoze nan 30 jou apre swadizan vanjans lan. Si Plenyan kwè li te sibi vanjans anvan li depoze plent pou diskriminasyon an, li ta dwe depoze doleyans pou vanjans lan ansanm ak Plent pou diskriminasyon an epi li dwe depoze doleyans pou vanjans lan nan 30 jou apre swadizan vanjans lan. Doleyan lan ap depoze, envestige, epi rezoud pa Kowòdonatè Non-Diskriminasyon selon pwosedè Plent yo.</p>
<p>Frekans Revizyon ak Analiz yo</p>	<p>Pwosedè sa a ta dwe revize pou mizajou ki nesèsè yo pa mwens souvan pase chak ane.</p>

Pwosedì pou Plent sou Diskriminasyon

Pwosedì Apwobasyon

Moun ki Fè Revizyon an: _____ Dat _____

Joseph Hilbert

Komisyonè Adjwen pou Zafè Gouvènmantal ak Règleman

Moun ki Bay Apwobasyon an: _____ Dat _____

Karen Shelton, MD
Komisyonè Sante Eta a

Kontak:

Non Kontak: Cameron Moore

Tit Kontak, Biwo/Divizyon Kontak: Kowòdonatè Non-Diskriminasyon, Biwo Komisyonè a

Imel Kontak: Cameron.moore@vdh.virginia.gov

Nimewo Telefòn Kontak: 804-914-2770